BAB IV HASIL PENELITIAN DAN PEMBAHASAN

4.1 DATA PEMAKAIAN BAHASA SUNDA

Data pemakaian bahasa Sunda dalam skripsi mahasiswa di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI diambil berdasarkan bagian-bagian karya tulis seperti (1) Kata Pengantar, (2) Latar Belakang, (3) Perumusan Masalah, (4) Perumusan Tujuan, (5) Asumsi dan Hipotesis, (6) Kajian Teori, (7) Analisis Data, (4) Pembahasan, (5) Simpulan dan Saran. Penjaringan data dari komponen-komponen karya tulis tersebut dimaksudkan sebagai upaya mencari kekhasan pemakaian bahasa Sunda pada setiap komponen. Karena jumlah skripsi mahasiswa cukup banyak, dalam penelitian ini diambil sampel berdasarkan subbidang disiplin keilmuan, yakni (a) bahasa, (2) sastra, (3) keterampilan berbahasa, (4) budaya, dan (5) PBM. Dengan demikian, kekhasan masing-masing bidang kajian terwakili.

4.1.1 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Kata Pengantar

Kata pengantar berisi uraian yang mengantar para pembaca karya tulis kepada permasalahan yang diteliti. Lazimnya kata pengantar diawali dengan ucapan rasa syukur kepada sang Pencipta atas terselesaikannya karya tulis, kemudian diikuti dengan tujuan penyusunan karya tulis. Berikut data kata pengantar skripsi dalam bahasa Sunda.

Data (Skr/01/EN)

PANGJAJAP

Sugrining puji katut sukur kasanggakeun ka Alloh SWT. Kalayan rahmat sareng karunia ti Manten-Na, alhamdulillah dina danget ieu sim kuring tiasa ngaréngsékeun ieu skripsi anu judulna *Ragam Basa anu Digunakeun dina Prosés Diajar Ngajar Basa Sunda di SMP Negeri 25 Bandung*.

Ieu skripsi téh disusun pikeun nyumponan salah sahiji sarat Ujian Sidang Sarjana Pendidikan.

Data (Skr/02)

PANGJAJAP

Alhamdullillahirobbil'alam, Puji sinareng sukur kasanggakeun ka Allah SWT anu parantos maparin rahmat sareng hidayah-Na dugi ka ieu skripsi tiasa réngsé. Solawat sinareng salam mugia ngocor ngagolontor ka junjunan urang Nabi Muhammad SAW, ka para kulawargana, ka para sahabatna, ka para tabi'in tabi'inna tug dugi ka urang salaku umatna.

Ieu skripsi nu judulna “Éféktivitas Modél Pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* dina Pangajaran Maca jeung Ngaprésiasi Dongéng (Studi Eksperimen Siswa Kelas VIII SMP PGRI 384 Rendeh Tahun Ajar 2006/2007)” disusun pikeun nyumponan salasahiji sarat ujian siding sarjana pendidikan di Jurusan Pendidikan Bahasa daérah FPBS UPI.

Dalam kata pengantar dapat pula dikemukakan ucapan terima kasih dan apresiasi penulis kepada pihak-pihak yang telah membantu dalam menyelesaikan karya tulis ilmiahnya. Ucapan terima kasih disampaikan secara singkat, dan sebaiknya tidak merupakan bagian terpisah. Pertimbangkan data berikut ini.

Data (Skr/01/EN)

Dina enggoning ngaréngsékeun ieu skripsi, teu saeutik bangbaluh sareng karuwet anu karandapan balukar tina katuna anu nyampak dina diri sim kuring. Sanaos kitu, ku kakeyeng dibarung du'a sareng pangrojong pangaping, jeung panggetrik ti sadaya, ieu skripsi téh tiasa réngsé dina waktosna. Ku kituna, sim kuring ngahaturkeun séwu nuhun ka sadayana, utamina ka:

1. Bapa Drs. Usep Kuswari, M.Pd., pangaping kahiji sakaligus salaku pupuhu JPBD FPBS UPI, anu parantos nyisihkeun waktos kanggo ngaping, ngawurukan, sareng masihan motivasi tur ngalelempeng ieu skripsi;
2. Bapa Drs. H. O. Solehudin, pangaping kadua anu parantos ngaping sareng ngalelempeng ieu skripsi;
3. Bapa miwah Ibu Dosén JPBD FPBS UPI anu parantos masihan élmu pangaweruh sareng luang anu tangtosna baris nyaangan jalan sorangeun;
4. Bapa Wawan sareng Bapa Apan, tata usaha JPBD FPBS UPI;
5. Bapa kapala sareng guru-guru, kitu deui staf tata usaha SMP Negeri 52 Bandung anu parantos masihan ijin kanggo ngempelkeun data pikeun bahan nyusun ieu skripsi;
6. Ibu Dédé sareng Bapa Tjahyadi, guru Basa Sunda SMP Negeri 52 Bandung anu parantos luntur kalbu ngabantosan ngempelkeun data kanggo ieu skripsi.
7. Pun Bapa sareng Pun Biang anu teu kendat mikadeudeuh sareng mikanyaah tur ngalirkeun pidu'a;
8. adi-adi, Ilham sareng Nur anu salawasna masihan sumanget;
9. sadaya wargi di Ciumbuleuit sareng di Sarijadi anu teu weléh ngarojong;
10. Dédéh, Érna sareng Ivanna, Tidah, Tsani, Mvi, Ina, Ika sarta Wiwin, batur carita dina kasenang sareng kasusah anu teu weléh silih rojong tur silih sumangetan;
11. entragan 2002, batur sapapait samamanis salami nyuprih pangarti di UPI.

Di dalam ucapan terima kasih, selain disenaraikan nama-nama orang yang telah berjasa dalam menyelesaikan karya tulis, biasanya disertai harapan penulis agar budi baik mereka mendapat imbalan yang setimpal dari Allah SWT.

Kata pengantar lazim diakhiri dengan harapan adanya kritik dan saran dari pembaca untuk perbaikan serta manfaat yang dapat diperoleh dari karya tulis tersebut. Di sudut bawah paling kanan dicantumkan pula titimangsa dan nama penulis. Pertimbangkan data (Skr/01) berikut ini.

Mugi Alloh SWT maparin welas asih kana *semu* kawis kasaéan aranjeunna.

Ieu skripsi téh tangtosna seueur kakirangan, ku kituna kalintang saéna upami aya anu neraskeun ngimeutan sareng ngajembaran.

Pamungkas, mugi waé ieu skripsi téh sasieureun sabeunyeureun tiasa dicandak mangpaatna dina enggoning ngaronjatkeun ajén atikan.

Bandung, Maret 2007

Panyusun,

Eulis Nengsih

4.1.2 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Latar Belakang

Pemabahasan dalam latar belakang masalah bermaksud membeberkan mengapa masalah yang diteliti itu timbul dan penting dilihat dari segi profesi peneliti, pengembangan ilmu dan kepentingan pembangunan. Yang perlu disajikan dalam latar belakang masalah adalah apa yang membuat peneliti merasa gelisah dan resah sekiranya masalah tersebut tidak diteliti. Lazimnya dalam latar belakang diungkapkan gejala-gejala kesenjangan yang terdapat di lapangan sebagai dasar pemikiran untuk memunculkan permasalahan. Ada baiknya kalau diutarakan kerugian-kerugian apa yang bakal diderita apabila masalah tersebut dibiarkan tidak diteliti dan keuntungan-keuntungan apa yang kiranya bakal diperoleh apabila masalah tersebut diteliti.

Di samping itu, perlu pula diuraikan secara jelas tentang kedudukan masalah yang hendak diteliti itu dalam wilayah bidang studi yang ditekuni oleh peneliti itu. Untuk mampu merumuskan latar belakang masalah secara runtut, jelas, dan tajam, maka peneliti dituntut untuk mampu membaca dan memaknakan gejala-gejala yang muncul dalam dunia pendidikan. Untuk itu, pengetahuan peneliti yang luas dan terpadu mengenai teori-teori dan asil-hasil penelitian terdahulu yang terkait merupakan syarat mutlak. Ini merupakan alasan lain mengapa penelahaan terhadap jurnal-jurnal hasil penelitian terdahulu yang terkait harus sejak awal dilakukan.

Data (Skr/01/EN)

1.1. Kasang Tukang Masalah

Manusa henteu bisa leupas tina basa pikeun nepikeun pesen atawa gagasan. Ku kituna, basa téh mangrupa ciri tina paripolah manusa sarta anu ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna. Chaer jeung Leonie (2004; 14) nyebutkeun yén basa téh minangka alat pikeun ngayakeun interaksi atawa alat pikeun ngayakeun komunikasi, dina hartian alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsép, atawa ogé perasaan. Nya kitu deui pamadegan ahli séjén, nya éta Michel (Chaer jeung Leonie, 2004; 15) ngajéntrékeun yén basa téh miboga fungsi minangka alat komunikasi manusa.

Sakabéh gagasan, konsép sarta pikiran manusa téh ngan bisa ditepikeun ka jalma ngaliwatan basa, boh dina ragam lisan boh ragam tinulis. Dina basa ragam lisan, nepikeun gagasan atawa konsép téh langsung ditepikeun ngaliwatan omongan jeung lawan panyaturna. Sedengkeun dina ragam tinulis, anu narima gagasan téh henteu langsung paadu hareup jeung panyaturna tapi ngayakeun hubungan komunikasi téh ngaliwatan déskripsi wacana atawa bacaan (Pateda, 1987; 63).

Sakola minangka hiji lambaga ngabogaan peran anu kawilang penting pikeun ngamekarkeun basa Sunda. Sakola téh mangrupa salah sahiji tempat lumangsungna prosés diajar ngajar. Ku kituna, sakola boga kawajiban pikeun ngamekarkeun poténsi anu nyampak dina diri murid-muridna. Guru salaku anu ngajar kalibet langsung dina ngamekarkeun basa Sunda hususna, umumna sakabéh materi pembelajaran anu aya dina kurikulum.

Murid tingkat SMP geus bisa narima stimulus anu dibikeun ku guru kalayan bener, geus bisa ngalakukeun komunikasi sarta geus bisa ngalaksanakeun tugas-tugas

diajarna. Murid dina ngalaksanakeun komunikasi téh ngabutuhkeun kaparigelan ngagunakeun basa atawa kamampuhan verbal. Dina umuran murid SMP, budak geus resep maca, ngaregepkeun, nulis, sarta nyarita jeung jalma séjén, ku kituna geus mampuh ngagunakeun basa minangka alat kalayan bener-bener penting pikeun nepikeun gagasan, pamikiran, jeung perasaan ka lawan panyaturna.

Murid-murid SMP téh aya di tengah-tengah masarakat anu hétérogén. Kahétérogénan éta téh ngawarnaan karagaman basa anu dicangking ku murid, nepi ka ngawarnaan basa anu digunakeun minangka basa panganteur di sakola.

Ragam basa anu digunakeun ku guru jeung murid téh bisa dipaluruh ngaliwatan prosés interaksi anu lumangsung dina prosés diajar ngajar basa Sunda. Ngaliwatan ucapan lisan atawa ébréhan gagasan anu ditepikeun guru jeung murid sacara langsung bisa dipikanyaho sarta sakaligus bisa ngagambarkeun kamampuh basana. Basa ragam lisan téh bisa nangtukeun eusi pesen anu ditepikeun ka lawan panyaturna, sarta bisa dipaluruh sacara langsung ngeunaan interférénsi, campur kode, sarta alih kode anu dilakukeun ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

Interférénsi, campur kode, jeung alih kode anu dilakukeun ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar éta nya éta ayana kasalahan ngagunakeun basa Sunda balukar tina pangaruh basa Indonésia.

Kontéks komunikasi dina panalungtikan ieu téh ditekenkeun kana kagiatan dina ngagunakeun basa sacara terus-terusan, nya éta dina waktu guru jeung murid ngalakukeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

Dumasar kana katerangan di luhur, panulis ngarasa perlu pikeun nalungtik basa anu digunakeun ku guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung dina waktu lumangsungna prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

4.1.3 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Perumusan Masalah

Merumuskan masalah merupakan pekerjaan yang sukar bagi setiap peneliti. Hal yang dapat menolong mahasiswa keluar dari kesulitan merumuskan judul dan masalah adalah pengetahuan yang luas dan terpadu mengenai teori-teori dan hasil-hasil penelitian para pakar terdahulu dalam bidang-bidang yang terkait dengan masalah yang akan diteliti. Dalam rumusan dan analisis masalah sekaligus juga diidentifikasi variabel-variabel yang dalam penelitian beserta definisi operasionalnya. Untuk mempermudah, perumusan masalah dapat dinyatakan dalam bentuk kalimat tanya setelah didahului uraian tentang masalah

penelitian, variabel-variabel yang diteliti, dan kaitan antara satu variabel dengan variabel yang lainnya. Definisi operasional yang dirumuskan untuk setiap variabel harus sampai melahirkan indikator-indikator dari setiap variabel yang diteliti, yang kemudian akan dijabarkan dalam instrumen penelitian.

Data (Skr/01)

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan téh baris dirumuskeun dina wangun kalimah pananya, nya éta:

- 1) interférénsi naon baé anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung?;
- 2) alih kode naon baé anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung?; jeung
- 3) campur kode naon baé anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun perosés diajar ngajar basa Sunda?.

Data (Skr/02)

Anu jadi rumusan masalah dina ieu panalungtikan di antarana nya éta :

- 1) Naha modél *CIRC* éféktif pikeun pangajaran maca jeung ngaprésiasi karya sastra dongéng basa Sunda?
- 2) Naha aya béda signifikan antara hasil pangajaran maca dongéng jeung ngaprésiasi dongéng siswa antara kelompok anu ngagunakeun modél *CIRC* jeung anu henteu?
- 3) Paktor-paktor naon baé anu nyababkeun kagiatan pangajaran basa Sunda jadi bosen pikeun siswa?

Data (Skr/03)

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina wangun pertanyaan di handap ieu.

- 1) Kumaha kasalahan formasi kalimah aktif (migawé) nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta?
- 2) Kumaha kasalahan formasi kalimah pasif (dipigawé) nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta?

- 3) Kumaha kasalahan ngagunakeun kecap pancén (*partikel*) nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta?
- 4) Kumaha kasalahan nyusun unsur-unsur fungsional klausa nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta?

4.1.4 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Perumusan Tujuan

Rumusan tujuan penelitian atau studi menyajikan hasil yang ingin dicapai setelah penelitian selesai dilakukan. Oleh karena itu, rumusan tujuan harus konsisten dengan rumusan masalah dan mencerminkan pula proses penelitiannya. Rumusan tujuan penelitian tidak boleh sama dengan rumusan maksud penulisan karya tulis pada halaman sampul. Tujuan penelitian terdiri atas tujuan umum dan tujuan khusus. Tujuan umum menggambarkan secara singkat dalam satu kalimat apa yang ingin dicapai melalui penelitian. Tujuan khusus dirumuskan dalam bentuk butir-butir (misalnya 1, 2, 3, dst) yang secara spesifik mengacu kepada pertanyaan-pertanyaan penelitian.

Berikut data pemakaian bahasa Sunda dalam perumusan Tujuan penelitian.

Data (Skr/01)

Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) interférénsi anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung;
- 2) campur kode anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung; jeung
- 3) alih kode anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

Data (Skr/02)

Anu jadi tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. Efektivitas modél *CIRC* kana pangajaran maca jeung ngaprésiasi karya sastra dongéng basa Sunda.
2. Béda signifikan antara hasil pretés siswa saméméh dibéré pangajaran téks maca dongéng jeung ngaprésiasi dongéng ngagunakeun modél *CIRC* jeung hasil postés siswa sabada dibéré pangajaran téks maca dongéng jeung ngaprésiasi dongéng ngagunakeun modél *CIRC*.
3. Paktor-paktor anu ngajadikeun siswa bosen diajar basa Sunda.

Data (Skr/03)

Tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun

- 1) kasalahan formasi kalimah aktif (migawé) nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta;
- 2) kasalahan formasi kalimah pasif (dipigawé) nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta;
- 3) kasalahan ngagunakeun kecap pancén (partikel) nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta; jeung
- 4) kasalahan nyusun unsur-unsur fungsional klausa nu kapanggih dina karangan narasi siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta.

4.1.5 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Asumsi dan Hipotesis

Fungsi asumsi dalam sebuah penelitian merupakan titik pangkal penelitian dalam rangkai penulisan karya tulis tersebut. Asumsi dapat berupa teori, evidensi, dan dapat pula pemikiran peneliti sendiri. Apapun materinya, asumsi tersebut harus sudah merupakan sesuatu yang tidak perlu dipersoalkan atau dibuktikan lagi kebenarannya; sekurang-kurangnya bagi masalah yang diteliti pada saat itu. Asumsi dirumuskan sebagai landasan bagi hipotesis. Asumsi atau anggapan dasar dirumuskan dalam kalamt deklaratif atau pernyataan.

Berikut ini contoh data asumsi dalam bahasa Sunda.

Data (Skr/01)

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta anu sakumaha anu ditulis di handap ieu.

- 1) Basa Sunda mangrupa basa indung di Provinsi Jawa Barat jeung Provinsi Banten.
- 2) Basa Sunda mangrupa basa panganteur dina nepikeun pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.
- 3) Basa Sunda mibanda basa standar anu disebut basa lulugu, nya éta basa Sunda wewengkon Priangan (utamana Bandung). Jeung
- 4) Basa Sunda mibanda rupaning wujud makéna basa dina kahirupan panyaturna anu disebut ragam basa.

Data (Skr/02)

Dumasar kana hal éta, ieu panalungtikan téh mibanda anggapan dasar :

1. Dongéng mangrupa salah sahiji karya sastra tulisan anu aya di tatar Sunda.
2. Dongéng nya éta ngaran salah sahiji golongan carita dina wangun prosa (lancaran), sakapeung sok kaselapan bagian nu dikawihkeun, umumna parondok, turun tumurun jeung sumebarna sacara lisan. Tara kapaluruh saha pangarangna atawa nu nyiptana.
3. Maca dongéng mangrupa salah sahiji pangajaran anu ditepikeun di SMP anu aya dina standar kompetensi maca (Kurikulum Standar Kompetensi,2004).

Data (Skr/03)

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta

- 1) Kasalahan kalimah dina wangun tulisan leuwih gampang dianalisis tibatan dina wangun lisan.
- 2) Ngagunakeun kalimah éféktif jadi sarat pikeun nangtukeun kritéria hadé-goréngna tulisan.

Berbeda dengan asumsi, hipotesis merupakan jawaban sementara terhadap masalah yang diajukan oleh peneliti, yang dijabarkan dari landasan teori atau tinjauan pustaka dan masih harus diuji kebenarannya. Melalui penelitian ilmiah, hipotesis akan dinyatakan ditolak atau diterima. Hipotesis ini harus dibuat dalam penelitian yang bersifat analitis. Untuk penelitian yang bersifat deskriptif, yang bermaksud mendeskripsikan masalah yang diteliti,

hipotesis tidak perlu dibuat karena memang bukan pada tempatnya. Hipotesis penelitian dirumuskan dalam kalimat afirmatif.

Berikut ini data hipotesis dalam bahasa Sunda.

Data (Skr/04/Tsaniati)

Hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Korélasi antara kamampuh jeung kaparigelan dina ngébréhkeun eusi, maksud nulis surat pribadi basa Sunda siswa kelas VIII SMP Negeri I Malangbong Garut.
- b. Korélasi antara kamampuh jeung kaparigelan dina milih kecap nu merenah nulis surat pribadi basa Sunda siswa.
- c. Korélasi antara kamampuh jeung kaparigelan dina ngagunakeun kalimah anu éféktif nulis surat pribadi basa Sunda siswa.
- d. Korélasi antara kamampuh jeung kaparigelan dina ngalarapkeun undak usuk basa Sunda nulis surat pribadi siswa.
- e. Korélasi antara kamampuh jeung kaparigelan dina ngagunakeun palanggeran éjahan nulis surat pribadi basa Sunda siswa.
- f. Korélasi antara kamampuh jeung kaparigelan nulis surat pribadi basa Sunda sagemblengna siswa.

Data (Skr/05/Fita)

Dumasar pedaran di luhur, anu jadi hipotèsis dina ieu panalungtikan tèh nya éta:

1. Hipotèsis nol (H_0)
“Teu aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar.”
2. Hipotèsisi alternatif (H_1)
“Aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh siswa dina nyusun kalimah salancar jembar.”

Data (Skr/06/Novianti)

Hipotésis panalungtikan nya éta jawaban saheulaanan kana masalah panalungtikan anu benerna kudu diuji ku cara émpiris. Hipotésis ieu panalungtikan nya éta aya patalina anu positif tur signifikan antara kamampuh maca pamahaman prosa éksposisi jeung kamampuh nulis (ngaréproduksi) prosa éksposisi siswa SMPN I Malangbong kelas VII taun ajaran 2006/2007.

4.1.6 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Kajian Teori

Kajian pustaka sanagat penting dalam suatu karya ilmiah, karena melalui kajian pustaka ditunjukkan "the state of art" dari teori yang sedang dikaji dan kedudukan masalah penelitian. Dalam bidang ilmu yang diteliti. Fungsi lain dari kajian pustaka adalah sebagai landasan teoritik dalam analisis temuan. Kajian pustaka harus memuat hal-hal:

- (a) apakah teori utama dan teori turunannya dalam bidang yang dikaji;
- (b) apa yang telah dilakukan oleh orang lain atau peneliti lain dalam bidang yang diteliti, bagaimana mereka melakukan (prosedur, subyek), dan temuannya; serta
- (c) posisi teoretik peneliti yang berkenaan dengan masalah yang diteliti.

Dalam melaporkan hasil kajiannya, peneliti membandingkan, mengontraskan, meletakkan tempat kedudukan masing-masing dalam masalah yang sedang diteliti, dan pada akhirnya menyatakan posisi/pendirian peneliti disertai alasan-alasannya. Telaah teoretis dimaksudkan untuk menampilkan "mengapa dan bagaimana" teori dan hasil penelitian para pakar terdahulu itu dipergunakan oleh peneliti dalam penelitiannya, termasuk di dalamnya merumuskan asumsi-asumsi penelitiannya.

Berikut ini contoh data kajian teoretis dalam bahasa Sunda.

Data (Skr/01)

BAB II DASAR TIORITIS

2.1. Maca

2.1.1. Wangenan Maca

Maca mangrupa kagiatan anu penting dina kahirupan urang, sabab ngaliwatan maca urang bisa meunang informasi anu dibutuhkeun dina kahirupan sapopoé. Pikeun gambaran anu jelas ngeunaan wangenan maca, ditétélakeun di handap ieu rupa-rupa pamadegan para ahli ngeunaan wangenan maca.

Dina Kamus Umum Basa Sunda (1995:296), ditetelakeun maca nya éta ngalisankeun (ngahartikeun basa anu tinulis). Ieu wangenan ngécéskeun yén kagiatan maca mangrupa dua kagiatan anu teu bisa dipisahkeun nya éta kagiatan ngalisankeun jeung ngahartikeun hiji wacana.

Nurutkeun Hudgson (1960:43-44) dina Suryatin (1998:2), maca nya éta kumpulan kecap-kecap anu ngawangun wacana téh kudu mangrupa hiji beungkeutan anu mibanda harti jeung babari dibacana ku nu maca. Lamun ieu hal, teu kapanggih (tersirat) moal bisa kacangking atawa kaharti ku nu maca. Ku sabab kitu, ieu proses maca téh moal kalaksanakeun kalawan hadé.

Data (Skr/02)

2.2. Wangenan Dongéng

Dongéng mangrupa carita pamohalan, nu caritana can pernah kajadian. Salaku folklor, dongéng nu hirup di sabudereun masarakat, médiana ngaliwatan lisan, tatalépa ti hiji jalma ka jalma nu lian. Hirupna dongéng saluyu jeung ayana kapercayaan sarta kabudayaan hiji bangsa. Pikeun jalma, dongéng mibanda fungsi salaku hiburan, kapercayaan nu sipatna didaktik (pangajaran moral sarta pépéling pikeun kahirupan), ogé salaku sumber pangaweruh (Zulfahnur spk, 1997: 43-44).

Luyu jeung pamadegan di luhur, Hooykaas (1952: 124) nétélakeun yén dongéng mangrupa carita singget ngeunaan hiji hal nu can kungsi aya sarta moal mungkin kajadian. Nya éta nurutkeun jalma nu geus déwasa sarta nurutkeun urang kulon (barat). Béda jeung carita nu sabenerna, dongéng béda jeung carita-carita roman, dongéng mah lengkep caritana dina lingkungan nu kawatesanan.

4.1.6 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Metodologi Penelitian

Metode penelitian yang disajikan dalam Bab I bersifat garis besarnya saja, sedangkan rinciannya dikemukakan pada Bab III. Ke dalam metodologi penelitian ini dimasukkan definisi operasional, teknik pengumpulan data dan teknik pengolahan data, termasuk instrumen penelitian. Dalam hal ini dapat disebut beberapa metode penelitian seperti metode historis, deskriptif, inferensial, atau eksperimental. Dalam teknik penelitian terdapat teknik angket, wawancara, observasi partisipatif dan non-partisipatif, atau tes.

Contoh data definisi operasional dalam bahasa Sunda tampak berikut ini.

Data (Skr/01/Win)

3.1. Wangenan Operasional

Aya sawatara istilah anu perlu diterangeun patali jeung ieu panalungtikan. Sangkan boga sawangan anu sarua tur gampang dipahamna, di handap ieu dipédar sawatara istilah nyaéta frasa, frasa pangantét, carita pondok, adegan frasa, jeung harti frasa.

- a. Frasa nyaéta konstruksi gramatik anu diwangun ku dua kécap atawa leuwih anu henteu prédikatif sarta nyicingan hiji fungsi dina klausa atawa kalimah.
- b. Frasa pangantét nyaéta frasa anu diwangun ku kécap pangantét minangka pananda, nu dituturkeun ku kécap atawa frasa lain salaku aksisna.
- c. Carita pondok nyaéta carita rékaan (fiksi) anu ukuranana relatif pondok. Caritana henteu kompléks, alurna basajan, jeung palakuna henteu loba.
- d. Adegan frasa pangantét nyaéta susunan unsur-unsur nu ngawangun frasa pangantét nyaéta préposisi jeung kecap barang.
- e. Harti frasa pangantét nyaéta patali harti antarunsurna dina frasa pangantét.

Dumasar kana katerangan di luhur bias disebutkeun yén "Frasa Pangantét dina *Campaka Mangkak* Antologi Karangan Nu Ngarora" nyaéta panalungtikan ngeunaan frasa pangantét anu aya dina éta antologi kalawan dianalisis tina jihat wanda frasa pangantét, pananda frasa pangantét, adegan frasa pangantét, jeung patali harti frasa pangantét.

Berikut ini contoh data pemakaian bahasa Sunda dalam perumusan metodologi penelitian.

Data (Skr/01/Win)

3.1. Méthode jeung Téknik Panalungtikan

3.1.1. Méthode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan nu baris dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif korélasional. Méthode déskriptif korélasional mangrupa salasahiji métode nu digunakeun pikeun ngungkulan masalah nu aktual ku jalan nyieun papasingan, ngumpulkeun, nganalisis, jeung napsirkeun data.

3.1.2. Téknik Panalungtikan

Téknik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Tés ieu dilaksanakeun ku cara méré tés objéktif, pikeun maca pamahaman prosa éksposisi jeung tés ngarang (ngaréproduksi) prosa éksposisi.

Data (Skr/02/Win)

3.2. Méthode jeung Téknik Panalungtikan

Sakumaha anu geus ditétélakeun saméméhna, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Méthode déskriptif gedé gunana pikeun milih, milah, ngolah, jeung napsirkeun data. Objék anu didéskripsikeunana nyaéta sakur frasa pangantét nu dijarang tina antologi *Campaka Mangkak*. Analisisna nyoko kana wanda, pananda, adegan, patali harti, jeung karakteristik frasa pangantét.

Téknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik ulikan pustaka jeung téknik analisis téks. Ngagunakeun téknik ulikan pustaka lantaran datana mangrupa tinulis nu dicokot tina kumpulan carpon *Campaka Mangkak* Antologi Karangan Nu Ngarora. Ieu hal luyu jeung pamadegan Arikunto (1997:149) anu nyebutkeun yén téknik ulikan pustaka nyaéta téknik panalungtikan anu nganalisis data tinulis.

Téknik analisis téks dilaksanakeun langsung tina kumpulan carpon *Campaka Mangkak*, gunana pikeun nyungsi data ngeunaan frasa pangantét nu dianalisis tina segi ngumpulkeun data, nyusun papasingan, analisis jeung napsirkeun data bakal bisa dianalisis kalawan gemet.

3.2. Populasi jeung Sampel

3.2.1. Populasi

Populasi nya éta objék atawa subjék nu aya di hiji wilayah jeung luyu nyumponan sarat-sarat nu tangtu patali jeung masalah panalungtikan. Populasi aya hubunganana jeung data, lain jeung manusa atawa jeung objékna (Nazir, 1983 : 327).

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis karangan éksposisi siswa SMPN I Malangbong kelas VII taun ajaran 2006/2007 anu jumlahna 240 siswa.

3.2.2. Sampel

Sampel nya éta bagéan tina populasi anu miboga ciri-ciri atawa kaayaan nu tangtu, anu baris ditalungtik. Ieu panalungtikan ngagunakeun téknik sampel. Téknik anu dipaké, téknik random ku cara acak, sabab populasi dianggap homogén. Jadi, sumber data anu unsurna miboga sifat nu sarua, sahingga teu perlu ngamasalahkeun jumlahna sacara kuantitatif. Prosédur nu digunakeun ku cara diundi.

Sampel ieu panalungtikan ditetepkeun sapergeneup tina populasi, nya éta tina sakabéh kamampuh maca pamahaman prosa éksposisi jeung kamampuh nulis karangan éksposisi. Jumlah SMPN I Malangbong, kelas VII téh 240 siswa, dicokot ku cara acak kurang leuwih 40 siswa tina 240 siswa. Ku kituna, sampelna nya éta kamampuh maca pamahaman prosa éksposisi jeung kamampuh nulis prosa éksposisi 40 siswa.

4.1.7 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Hasil Penelitian dan Pembahasan

Hasil penelitian dan pembahasan merupakan pengolahan atau analisis data untuk menghasilkan temuan dan pembahasan temuan. Pengolahan data menjadi temuan dapat dilakukan menurut prosedur penelitian kuantitatif maupun prosedur kualitatif. Uji hipotesis dilakukan sebagai bagian dari analisis data.

Bagian pembahasan atau analisis temuan mendiskusikan temuan tersebut dengan menggunakan dasar teoretis yang telah dibahas dalam bab II. Pembahasan ini akan memperlihatkan konsekuensi temuan terhadap teori jika hipotesis nol ditolak atau diterima jika penelitian tersebut bersifat kuantitatif. Dalam penelitian kualitatif hal yang sama terjadi pula walaupun bukan dalam terminologi penolakan atau penerimaan hipotesis tetapi merupakan bahasan yang sangat kaya terkait dengan teori yang digunakan.

Berikut ini contoh data pemakaian bahasa Sunda dalam Hasil Penelitian dan Pembahasan.

Data (Skr/01/)

4.1.8 Pemakaian Bahasa Sunda dalam Simpulan dan Saran

Simpulan merupakan penafsiran atau pemaknaan peneliti terhadap semua hasil penelitian yang diperolehnya. Dalam menuliskan kesimpulan dapat ditempuh salah satu cara dari dua cara berikut, yakni (1) dengan cara butir demi butir, dan (2) dengan cara esai esai padat. Untuk karya tulis ilmiah seperti skripsi, makna penulisan kesimpulan dengan cara esai padat lebih baik daripada dengan cara butir demi butir. Berikut ini contoh data pemakaian bahasa Sunda dalam penyusunan simpulan.

Data (Skr/01/Win)

5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis jeung déskripsi data anu geus ditepikeun dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan frasa pangantét dina *Campaka Mangkak* Antologi Karangan Nu Ngarora bisa dirangkum jadi lima bagian, nyaéta (1) wanda frasa pangantét, (2) pananda frasa pangantét, (3) adegan frasa pangantét, (4) harti frasa pangantét, jeung (5) karakteristik frasa pangantét.

a. Wanda Frasa Pangantét

Tina hasil analisis data kapanggih aya dua rupa wanda frasa pangantét, nyaéta (1) frasa pangantét basajan, jeung (2) frasa pangantét jembar. Frasa pangantét basajan anu diwangun ku kecap pangantét jeung kecap barang aya 386 (56,93%), ari frasa pangantét jembar anu diwangun ku kecap pangantét jeung frasa barang aya 292 (43,07%).

b. Pananda Frasa Pangantét

Kecap pangantét mangrupa salah sahiji unsur pananda dina wangunan frasa pangantét. Unsur lianna nyaéta kecap atawa frasa barang jeung kecap-kecap anu dianggap barang jeung hasil ngabarangkeun (nominalisasi). Kecap pangantét anu kapanggih dina ieu panalungtikan aya 14 kecap, nyaéta *batan, di, dina, iwal ti, jeung, ka, kana, keur, ku, lian ti, nepi ka, pikeun, ti, jeung tina*. Kecap pangantét mibanda fungsi jadi pananda (diréktor) kana sumbu (aksis) nu mangrupa kecap atawa frasa barang dina wangunan frasa éksoséntris diréktif atau préposisional. Fungsi pananda kaasup kana fungsi sintaktis bawahan.

c. Adegan Frasa Pangantét

Adegan frasa pangantét mangrupa wangunan frasa pangantét disawang tina susunan unsur-unsurna. Tina hasil analisis data kapanggih aya dua adegan utama frasa pangantét, nyaéta (1) adegan frasa pangantét basajan (Pola I: FPt → KPt + KB) jeung (2) adegan frasa pangantét jembar (Pola II: FPt → KPt + FB). Unggal pola ngabogaan subpola masing-masing. Pola I ngabogaan dua subpola, nyaéta (a) KPt + Kbu, (b) KPt + KGt. Pola II ngabogaan 12 subpola, nyaéta (a) KPt + FB (KB + KB), (b) KPt + FB (Tem + KB), (c) KPt + FB (KB + KGt), (d) KPt + FB (Seb + KB), (é) KPt + FB (Kbil + KB), (f) KPt + FB (KB + KS), (g) KPt + FB (KB + KP), (h) KPt + FB (*nu* + KS/KS/Kbil/KPan), (i) KPt + FB (Dem + KB), (j) KPt + FB (KB + Kbil), (k) KPt + FB (KB + FPt), jeung (l) KPt + FB (KB + Kpan).

d. Harti Frasa Pangantét

Harti frasa pangantét nyaéta patali harti anu muncul balukar tepungna kecap pangantét jeung kecap atawa frasa barang dina wangunan frasa éksoséntirs diréktif. Kapanggih aya 15 harti frasa pangantét, nyaéta harti (1) ‘alat’ aya 45 (6,64%), (2) ‘arah’ aya 90 (13,17%), (3) ‘asal’ aya 78 (11,50%),

(4) 'babandingan' aya 3 (0,44%), (5) 'bahan' aya 15 (2,12%), (6) 'iwal' aya 4 (0,59%), (7) 'kahanan/tempat ayana' aya 120 (17,70%), (8) 'panglaku' aya 60 (8,85%), (9) 'pangrandap' aya 84 (12,39%), (10) 'panyarta' aya 82 (12,09%), (11) 'sabab' aya 17 (2,51%), (12) 'tujuan' aya 16 (2,36%), (13) 'wawatesan' aya 26 (3,84%), (14) 'awal waktu' aya 16 (2,36%), jeung (15) 'hal (abstraksi)' aya 22 (3,25%).

é. Karakteristik Frasa Pangantét

Karakteristik frasa pangantét mangrupa tanda-tanda atawa ciri-ciri anu nuduhkeun frasa pangantét dibédakeun jeung warna kecap lianna. Dina nyirian frasa pangantét bakal ditilik tina ciri sintaktis (adegan) jeung ciri semantis (harti). Sacara sintaktis, frasa pangantét diwangun ku kecap pangantét salaku pananda (diréktor) jeung kecap atawa frasa barang salaku sumbu (aksis). Sacara semantis, frasa pangantét mibanda rupa-rupa harti anu muncul balukar tepungna kecap pangantét jeung kecap atawa frasa barang dina wangunan frasa pangantét. Frasa pangantét kaasup tipe atawa wanda frasa éksoséntris, nya éta frasa anu teu mibanda distribusi nu sarua jeung salasahiji atawa sakabéh unsurna dina wangunan klausa atawa kalimat.

Dumasar kana rangkuman di luhur bisa dicindekkeun yén frasa pangantét nyaéta frasa éksoséntris anu diwangun ku kecap pangantét (préposisi) salaku pananda (diréktor) jeung kecap atawa frasa barang salaku sumbu (aksis). Frasa pangantét bisa mangrupa wangun basajan bisa mangrupa wangun jembar. Adegan frasa pangantét umumna nyoko kana dua pola, nyaéta (1) FPt → KPt + KB, jeung (2) FPt → KPt + FB. Harti frasa pangantét umumna nuduhkeun patali harti 'tempat (asal, ayana, tujuan)', 'panglaku', 'alesan/sabab', jeung 'pangbanding'.

Implikasi atau rekomendasi yang ditulis setelah kesimpulan dapat ditunjukkan kepada para pembuat kebijakan, pengguna hasil penelitian yang bersangkutan, dan kepada peneliti berikutnya yang berminat untuk melakukan penelitian selanjutnya. Berikut ini contoh data saran atau rekomendasi dalam bahasa Sunda.

Data (Skr/01/Win)

5.3 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur aya sawatara saran anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan téh kakara ngajaring frasa pangantét anu kapanggih dina sumber ragam basa tulis. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik frasa pangantét anu sumberna ragam basa lisan.

Kadua, ieu panalungtikan masih kénéh murni, nyaéta nganalisis frasa pangantét tina segi wanda, adegan, harti, jeung karakteristikna. Hasil panalungtikan can dipatalikeun kana bahan katut prosés pangajaran di sakola. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik bahan ajar frasa pangantét, ambahan jeung legana bahan, padika ngajarkeun, jeung cara ngévaluasina.

Katilu, ieu panalungtikan frasa pangantét sipatna déskriptif-kualitatif. Sigana perlu aya panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina ngagunakeun jeung nganalisis frasa pangantét.

4.2 PEMBAHASAN HASIL PENELITIAN

Data pemakaian bahasa Sunda dalam penulisan skripsi mahasiswa dikaji dari empat aspek, yakni (1) grafologis, (2) morfologis, (3) sintaktis, dan (4) leksiko-semantis. Keempat aspek kebahasaan tersebut masing-masing dipaparkan sebagai berikut.

4.2.1 Pemakaian Aspek Grafologis

Pemakaian aspek grafologis menyangkut pemakaian ejaan dan tanda baca. Aspek ejaan mencakup pemakaian dan penulisan huruf serta penulisan kata. Pemakaian dan penulisan huruf mengacu kepada huruf kapital (di awal kalimat, awal petikan langsung, dan nama diri). Penulisan kata mengacu pada penulisan kata dasar, kata turunan, kata ulang, gabungan kata, dan kata depan. Pemakaian tanda baca mengacu pada tanda titik, tanda koma, tanda titik koma, tanda petik, dan tanda hubung.

Berikut ini contoh data pemakaian tanda koma (,) yang kurang tepat.

(01) Téknik anu dipaké, téknik random ku cara acak, sabab populasi dianggap homogén. (Skr/02/Win)

Tanda koma tidak digunakan di antara konjungsi subordinatif yang mengikuti klausa inti. Dengan demikian, pemakaian koma sebelum konjungsi *sebab* kurang tepat. Akan tetapi, jumlah kesalahan seperti itu tidak banyak. Artinya, pemakaian tanda baca dalam skripsi mahasiswa sudah relatif baik.

Dalam pemakaian tanda titik koma (;) juga ditemukan adanya kesalahan seperti tampak pada petikan data berikut.

(02) Chaer jeung Leonie (2004; 14) nyebutkeun yén basa téh minangka alat pikeun ngayakeun interaksi atawa alat pikeun ngayakeun komunikasi, dina hartian alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsép, atawa ogé perasaan. (Skr/01/EN)

Pada data (02) di atas tampak pemakaian titik koma di antara tahun dan halaman petikan kepustakaan. Hal itu tidak benar karena menyalahi kaidah penggunaan tanda baca. Tanda titik koma dipakai sebagai pemisah rincian yang telah menggunakan koma, bagian-bagian kalimat yang setara, dan bagian-bagian kalimat majemuk sebagai pengganti koma. Seharusnya, di antara tahun dan halaman petikan kepustakaan dipakai tanda titik dua (:). Dengan demikian, penulisan yang benar adalah “Chaer jeung Leonie (2004:14) nyebutkeun ...”.

4.2.2 Pemakaian Aspek Morfologis

Aspek morfologis berkaitan dengan pembentukan kata. Bentuk kata lazimnya dibedakan atas kata dasar, kata turunan (berimbuhan), kata ulang, dan kata majemuk. Pemakaian bentuk kata dapat terjadi dalam keempat bentuk tersebut, terutama bentuk kata kompleks (turunan, ulang, dan majemuk). Sebagai contoh, pertimbangkan penggunaan kata *hartian* dalam petikan data berikut.

(03) basa téh minangka alat pikeun ngayakeun interaksi atawa alat pikeun ngayakeun komunikasi, dina hartian alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsép, atawa ogé perasaan. (Skr/01/EN)

Di dalam bahasa Sunda memang dikenal adanya sufiks *-an* yang berfungsi sebagai pembentuk nomina, verba, adjektiva, dan numeralia seperti pada kata *buruan*, *asupan*, *geulisan*, dan *duaan*. Akan tetapi, pemakaian sufiks *-an* pada kata *hartian* kurang tepat karena tidak menunjukkan keempat jenis kata tersebut.

4.2.3 Pemakaian Aspek Sintaktis

Pemakaian aspek sintaktis mencakup beberapa komponen, antara lain, pembentukan kalimat, penekanan, kehematan, dan kevariasian. Pembentukan kalimat mengacu kepada pembentukan kalimat tunggal, kalimat majemuk, dan kalimat bersusun. Penekanan kalimat mengacu kepada posisi unsur sintaktis (S-P-O-Ket), urutan logis, dan pengulangan kata. Kehematan kalimat mengacu kepada pengulangan subjek, hiponimi, dan pemakaian preposisi. Kevariasian kalimat mengacu kepada cara memulai kalimat, ukuran kalimat, jenis kalimat, dan tipe kalimat.

Kalimat berikut menunjukkan struktur yang kurang apik karena tidak jelas unsur fungsionalnya seperti S-P-O-Ket, bahkan tidak membentuk suatu kalimat.

(04) Jadi, sumber data anu unurna miboga sifat nu sarua, *sahingga* teu perlu ngamasalahkeun jumlahna sacara kuantitatif. Prosédur nu digunakeun ku cara diundi. (Skr/02/Nov)

Konstruksi data (04) tampak seperti kalimat tetapi sebenarnya hanyalah konstruksi frasa. Konstruksi tersebut dapat diubah menjadi kalimat yang apik seperti tampak pada (04a) berikut.

- (04)a. Jadi, lamun unsurna miboga sifat nu sarua, sumber datana teu perlu dimalahkeun jumlahna sacara kuantitatif. Ari prosédur nu digunakeunana bisa ku cara diundi.

Pada umumnya pemakaian aspek sintaktis seperti kalimat dalam skripsi relatif telah baik. Struktur kalimat yang digunakannya relatif sudah baku seperti tampak pada data berikut.

- (05) Dumasar kana analisis jeung déskripsi data anu geus ditepikeun dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan frasa pangantét dina *Campaka Mangkak* Antologi Karangan Nu Ngarora bisa dirangkum jadi lima bagian, nyaéta (1) wanda frasa pangantét, (2) pananda frasa pangantét, (3) adegan frasa pangantét, (4) harti frasa pangantét, jeung (5) karakteristik frasa pangantét. (Skr/01/Win)

Konstruksi kalimat pada data (05) merupakan petikan dari paragraf simpulan skripsi. Struktur kalimat yang digunakannya termasuk tipe kalimat pasif dengan bentuk kalimat majemuk bertingkat. Struktur kalimatnya adalah Ket: Konj + S + P + Ket, S + P + Pel, Konj + P.

4.2.4 Pemakaian Aspek Leksiko-semantis

Pemakaian leksiko-semantis mengacu kepada pemilihan kata dan maknanya. Aspek leksiko-semantis mencakup kebakuan kata (kata baku dan tidak baku) serta lingkup kata (kata umum dan kata khusus, kata kajian). Juga

menyangkut ketepatan penggunaan kata atau ungkapan kata. Sebagai contoh, pemakaian frasa *dina hartian* pada data (04) kurang tepat, yakni:

(04) basa téh minangka alat pikeun ngayakeun interaksi atawa alat pikeun ngayakeun komunikasi, *dina hartian* alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsép, atawa ogé perasaan. (Skr/01/EN)

seharusnya digunakan kata *nya eta*. Pemakaian frasa tersebut dipengaruhi oleh konstruksi bahasa Indonesia "dalam artian". Dengan demikian, konstruksi kalimat yang tepat tempat pada data (05) berikut.

(05) basa téh minangka alat pikeun ngayakeun interaksi atawa alat pikeun ngayakeun komunikasi, *nya eta* alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsép, atawa ogé perasaan. (Skr/01/EN)

Pemakaian leksiko-semantis yang kurang tepat, yakni pemakaian kata sahingga seperti tampak pada data berikut.

(06) Jadi, sumber data anu unurna miboga sifat nu sarua, *sahingga* teu perlu ngamasalahkeun jumlahna sacara kuantitatif. Prosédur nu digunakeun ku cara diundi. (Skr/02/Nov)

Kata *sahingga* pada petikan data (06) di atas merupakan pengaruh pemakaian konjungsi bahasa Indonesia. Kata yang tepat untuk menggantikan kata *sahingga* adalah kata *nepi ka*, *balukarna*, dan *ku kituna*.

Meskipun begitu, secara keseluruhan pemakaian leksiko-semantis bahasa Sunda pada skripsi mahasiswa relatif sudah baik. Hal ini tidak terlepas dari peranan pembimbing dalam mengarahkan mahasiswa dalam penulisan skripsi.

